



The Children's Trust

Tout timoun se pitit nou tout

## Misyon nou:

Se pou nou vin gen bon jan renome nan afè planifye, defann kòz timoun epi finanse bon jan sèvis pou amelyore vi timoun ak fanmi yo.

The Children's Trust  
**DIAL 211 HELPLINE**

Se yon referandòm yo te vote pou tabli "Fon pou ede timoun" ki gen non Angle "The Children's Trust". Se yon lajan ki la pou ede amelyore lavi timoun ak fanmi yo nan Miami-Dade Konnti.



### MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

- Liv pou timoun tout laj . . . . . 2
- Devlope ladrès lekòl byen bonè . . . . . 2
- Se zouti pou reysit lekòl pi devan . . . . . 2
- Fon pou timoun yo ("The Children's Trust"), lekòl yo ak Depatman Sante mete tèt ansanm pou kanpay grip H1N1 an . . . . . 3
- Danje kache ki nan pisin, nan espas ak nan basen dlo cho. . . . . 4

# ba yo plis konesans renmen yo plis

Telefòn 211 pou ou pran plis enfòmasyon  
[www.bayopliskonesansrenmenyo.org](http://www.bayopliskonesansrenmenyo.org) pou ou.

## Premye siy ki montre yon timoun gen maladi otis



Miriam Altman, M.A. pou òganizasyon "Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe"

Otis se yon maladi anpil moun genyen. Li an rapò ak fason sèvo yon moun grandi ak jan sèvo a devlope. Men jiskaprezan y ap kontinye chèche ki sa ki lakòz maladi otis. Pa gen okenn egzamen medikal pou otis kounye a, ki fè fason pou moun dekouvri maladi a se rekonèt lè yon timoun an reta nan devlopman li epi suiv premye siy maladi a. Gen plis pase yon milyon timoun nan peyi Etazini ki gen maladi otis. Timoun ki soufri maladi otis sitou gen difikilte pou yo kominike ak moun epi yo pa fin maton ak ladrès sosyal yo. Gen plis ti gason ki gen maladi sa pase tifi.

Sentòm maladi otis parèt bonè, se sa k fè sa enpòtan pou fanmi ak moun ki pran swen timoun konnen sa pou yo veye lakay timoun. Lè paran ak moun ki okipe timoun gen konesans kon sa, sa ap fè yo konnen ki lè pou yo fè teste yon timoun pou wè si l pa soufri ak maladi otis. Tou depan moun ki gen maladi otis la, maladi a kab fè yon efè ki pa twò grav oubyen yon gran efè sou fason moun nan aprann, fason li kominike ak lòt moun, fason li aji ak fason li boule ak lòt moun. Pandan n pa bliye tout timoun pa menm epi chak vin gen ladrès nan fason pa yo, men kèk siy ki montre yon timoun soufri maladi otis:

- Timoun nan pa gade moun nan je ase.
- Timoun nan pa reponn lòt moun souvan.
- Timoun nan ap plede fè kèk mouvman plizyè fwa youn dèyè lòt.
- Timoun nan gen gwo gwo pwoblèm pou l adapte ak chanjman.
- Timoun nan pèdi nan ladrès langaj li.
- Timoun nan reyaji yon fason dwòl lè l tande kèk son ak lè l manyen kèk bagay.

Si w remake kèk siy ki montre pitit ou gen maladi otis, al kot yon espesyalis tousuit. Si w gen kèk dout sou jan pitit ou ap devlope, koute lide w epi al chèche èd pou pitit ou. Dapre done ki sou sit wèb autismspeak.org, sou 150 moun yo jwenn yon moun gen maladi otis. Pi bonè yo dekouvri yon timoun soufri ak maladi otis, se pi bonè y ap kab bay timoun sa sèvis li merite pou amelyore devlopman li.

Si ou sispèk pitit ou kab gen maladi otis, meye kote pou w ale se kay doktè. Mande pou yo fè egzamen pou li pou wè si l pa soufri ak maladi otis. Ou kab kontakte kèk ajans kominotè ki konn fè egzamen oubyen ki konn evalye timoun pou wè si yo soufri maladi otis pou wè si timoun nan bezwen èd bonè. Si pitit ou poko gen 3 an, kontakte òganizasyon "Early Steps" (nan nò Mayami: 305-243-5600 Mailman Center for Child Development/ nan sid Mayami: 786-268-2611 Miami Children's Hospital). Si pitit ou deja gen 3 an oubyen li pi gran pase sa, kontakte biwo "Florida Diagnostic Learning and Resource System (FDLRS: 305-274-3501). Sant ki rele "The Center for Autism and Related Disabilities (CARD)" bay sèvis pou ede timoun ki soufri ak maladi otis tou epi yo ede fanmi timoun kon sa epi yo antrene yo tou.

Men kèk lòt kontak:

Sit wèb sa yo ap bay plis ranseyman sou maladi otis, ak plis detay sou kouman moun kab detekte maladi a bonè, enfòmasyon yo òganize dapre laj timoun:

- [www.firstsigns.org](http://www.firstsigns.org)
- [www.autismspeaks.org](http://www.autismspeaks.org)
- [www.cdc.gov/autism](http://www.cdc.gov/autism)
- CARD [www.umcard.org](http://www.umcard.org)

### MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 211. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti jounal sa a an kreyòl, rele 211.



## Liv pou timoun tout laj

Kelly Liker, M.D., rezidan pedyat nan Lopital Jaksonn  
ak lopital pou timoun Holtz Children's Hospital.



**S**i w panse tibebe w ki fenk fèt la oubyen tibebe ou genyen k ap aprann mache a twò piti pou w li liv pou li, fè yon ti reflechi ankò. Byen petèt sou 3 ti Ameriken gen youn ki kòmanse klas kindè-gadenn san li pa gen ase ladrès langaj pou l aprann li. Ki fè gen plis danje pou timoun kon sa pa pase lekòl. Li pa janm twò bonè pou w kòmanse li liv pou tibebe w, e sa ede prepare pitit ou pou lè li gen laj pou l al lekòl.

Lè w li liv pou tibebe, sa enteresan paske yo renmen tandè vwa w epi yo renmen atansyon an, met sou sa, w ap ede yo devlope ladrès pou pale tou.

### Pou tibebe:

Pran yon ti tan apa chak jou pou w li ak pitit ou. Pase yon ti kadè chak fwa w ap li. Kite timoun nan jwe ak yon ti jwèt oubyen kite l fè desen pandan w ap li ti istwa pou li, paske timoun mal pou yo ret chita nan laj sa a. Lonje dwèt sou foto yo epi di sa yo ye pandan w ap li pou timoun nan. Asire w gen liv nan chanm pitit ou. Lè w resite ti pwezi tibebe epi chante ti chante, sa ede devlope langaj timoun.



### Pou timoun 1 an jis 3 an:

Pran tan pou w gade foto yo pandan w ap li, epi mande timoun nan pou l di ki sa foto yo ye epi di ki jan yo gen rapò ak istwa w ap li a. Konpare bagay ki nan istwa a ak bagay ki nan lavi timoun nan. Kite pitit ou ki gen 1 an a 3 an entèwonp istwa a pou l fè ti kòmantè pa l, epi pran tan pou w reponn kesyon li poze w. Kite timoun nan "pretann l ap li" istwa a ba wou, epi kite l jwe pandan w ap li pou li, paske menm timoun 1 an jis 3 an tou gen pwoblèm pou yo chita trankil pandan bon bout tan. Lè pitit ou pa enterese nan istwa a ankò, sispann li istwa a pou yon ti bout tan. Eseye ankò yon lòt fwa.

### Pou timoun ki gen laj preskolè:

Pase dwèt ou anba mo yo pandan w ap li pou montre pitit ou se mo ki enprime yo k ap rakonte istwa a. Mande l ki sa ki pral rive nan istwa a, oubyen mande l pou ki sa yon pèsonaj istwa a di yon bagay oubyen pou ki sa li fè yon bagay. Lè pitit ou kòmanse li pou kont li, kite l li pou wou. Kontinye li istwa ki pi difisil pou pitit ou.

Se pou w montre anpil kè kontan pou sa w ap li a, epi bay vwa oswa son dwòl depi w kapab. Fè kesyon w ap poze pitit ou yo tounen yon ti jwèt, pa yon egzèsis, dekwa pou timoun nan pa santi kòm si li echwe poutèt li pa kab reponn. Sèvi ak lè nou al nan bibliyotèk tankou yon gwo vwayaj kote nou pral aprann nouvo bagay, yon zòn espesyal kote pitit ou kapab chwazi plizyè liv enteresan pami yon pakèt liv. Se wou ki premye moun k ap ede pitit ou aprann. Pran plezi nan ede pitit ou vin gen ladrès ki va ede l reyisi.

## Devlope ladrès lekti byen bonè .... Se zouti pou reyisit lekòl pi devan



Se "Miami-Dade Family Learning Partnership" ki fè nou jwenn atik sa a.

**D**epi byen lontan timoun koumanse lekòl, yo bezwen ladrès pou yo reyisi nan lavi a, tankou ladrès literasi. Se pa lekti ase literasi a konsène non. Literasi vle di ekriti, pale, koute ak tout lòt mwayen nou sèvi ak langaj pou nou kominike youn ak lòt.

Moun k ap fè rechèch konnen aprann ladrès literasi pi fasil pou kèk timoun pase lòt. Timoun ki rive lekòl ak kalite esperyans ak konprann nou pral site la yo, se timoun ki gen avantaj:

- Kapasite pou rekonèt lèt, siy, foto ak son.
- Kontak ak pawòl moun pale epi ak chif.
- Kontak ak liv epi ak magazin.
- Esperyans nan fè desen, majigradi epi nan bay desen koulè.

Timoun ki an kontak ak literasi byen bonè, anpil fwa yo tounen timoun ki konn li pi byen pase sa yo ki pa fè esperyans sa a. Ki fè, se pou w chèche okazyon mete ekriti nan tout bagay pitit ou tankou magazin, tablo, lèt, desen ak lòt zouti pou aktivite ekriti.

- Se pou w toujou gen anpil materyèl lekti lakay ou.
- Ale nan bibliyotèk, libreri, kote yo vann jounal, kote moun ap vann bagay nan lakou yo, pou nou kab achte liv oubyen prete liv.
- Montre pitit ou divès kalite materyèl lekti, liv istwa, liv foto, magazin ak lòt ankò.
- Se pou w tou prèt pou w li liv plizyè fwa ankò. Plis pitit ou abitye ak yon liv se plis konprann l ap genyen epi l ap kwè plis nan tèt li la.

Pale ak pitit ou de pawòl, foto ak lide. Li liv ansanm epi ekri mesaj ak istwa youn pou lòt.

Se paran ki kapab aji pi plis sou ladrès yon timoun genyen byen bonè nan afè literasi. Men kèk bon jan lide pou ankouraje pitit ou enterese nan literasi:



- Fè pitit ou wè ou menm k ap li.
- Fè etikèt ki ak non bagay ki nan kay la epi kole etikèt yo sou bagay sa yo anndan ak deyò kay la.
- Bay chak bagay yon non. Ogmante vokabilè pitit ou: montre l machin, kawotchou machin, pyebwa, plant ak wòch, ak tout bagay ki enteresan.
- Pale ak pitit ou plis ou kapab epi kite pitit ou tandè konvèsasyon w ap fè pandan tout jounen an.
- Prete atansyon lè pitit ou ap pale ak ou, epi reponn li depi ou kapab.

Lè nou li ansanm awotwva, sa fè timoun nan vin gen plis ladrès pou l li epi pou l ekri depi byen bonè. Sa bay pitit ou yon bon mwayen pèsonèl ann amoni pou l fè egzèsis devlope ladrès pou l li ak ekri. Lè w li ak pitit ou chak jou pou 20 minit, sa kapab kab ede l anpil.

Men nan ki atik enfòmasyon nou sot li la yo soti: "Getting Your Child to Read" epi "Supporting Your Beginning Reader". Dwa rezève 2008, International Reading Association.

Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lekòl

H1N1

## Fon pou timoun yo ("The Children's Trust"), lekòl yo ak Depatman Sante mete tèt ansanm pou kanpay grip H1N1 an

Michael R. Malone, pou "The Children's Trust"



**A**pati fen oktòb, Fon pou timoun yo ("The Children's Trust") pral met ansanm ak Depatman Sante Miyamided epi ak lekòl leta Miyamided yo pou yo prepare yon kanpay vaksasyon nan tout kominote a kont grip H1N1 an, grip tout moun ap rele grip kochon an.

Egzakteman menm jan ak kanpay vaksasyon pou sezon grip la, sezon ki koumanse nan mwa d septanm, paran dwe siyen yon fòmilè pou di yo dakò pou pitit yo pran vaksen. Lekòl yo te dwe voye pake ki gen fòmilè yo ak lòt enfòmasyon kay chak timoun.

"Grip sa a se yon grip ki atrapan anpil." Sa se pawòl Wilma Estayné (Wilma Steiner) ki direktis Depatman Sèvis Sante Konplè lekòl leta yo. Li di: "Paran yo ta dwe pran kontak ak doktè prive yo anvan pou vaksen H1N1 an. Si sa pa posib, nou va bay vaksen an nan lekòl yo."

Direktis sante lekòl leta yo ankouraje paran yo suiv sante pitit yo pre. Si y ap touse epi nen yo ap koule larim, e sitou si yo gen lafyè, paran yo dwe kenbe yo lakay pou yo pa ale lekòl. Si yo te gen lafyè, yo pa ta dwe tounen lekòl omwen 24 è apre fòs lafyè la tonbe. Epiou lekòl yo ap insistè pou montre nou enpòtans ki genyen nan lave men nou souvan pandan tout jounen an epi enpòtans ki genyen pou nou touse nan manch rad nou oubyen nan koud ponyèt nou si nou bezwen touse.

Kanpay H1N1 an fè pati yon efò k ap fèt pou pare tout moun pou yon dezyèm vag enfeksyon ki kab frappe pandan twa dènye mwa ane a lè timoun tounen lekòl epi yo ranpli klas yo. Dapre Lilyàn Rivera (Lilian Rivera), administratè Depatman Sante Miyamided Konnti, dirijan yo kwè plis moun pral vin gen grip sa a nan epòk fen ane a ak kòmansman lòt ane, e youn nan pi bon defans nou genyen kont sa se pran vaksen.

Travayè lasante, timoun frajil ki gen maladi kwonik tankou opresyon oubyen maladi sik, timoun ki gen yon andikap nan kò yo, granmoun k ap swen fi ansent ak tibebe ki poko gen 6 mwa, se yo k ap pran vaksen an an premye lè y ap bay vaksen an. O dènye rezime, sa yo vle fè se bay timoun ki nan klas kindègadenn jis klas 5yèm ane vaksen kont grip sezon an epi bay timoun klas kindègadenn jis klas 12yèm ane vaksen kont grip kochon an.

Doktè Andre Brikmann (Andrew Brickman) ki direktè jeneral Depatman Sante ak Devlopman Timoun nan òganizasyon "The Children's Trust" di kon sa: "Tout resous nou genyen a dispozisyon nou ap la pou ede abòde nenpòt ijans sante piblik ki ta genyen nan Miyamided Konnti, e sitou pou anpeche nenpòt anvayisman yon epidemi grip ta fè." Brikmann kontinye pou l di: "Bon nouèl ki genyen an sèke H1N1 gen mwens fòs pase grip sezon an. Men move nouèl la sèke li ta dwe pase deja nan grann vakans lan."

Gen plis pase 350 moun ki mouri deja nan tout peyi a depi lè grip la te deklare premye fwa nan mwa d mas. Miyamided Konnti rapòte 21 lanmò H1N1 lakòz rive nan kòmansman mwa septanm nan. Valè moun ki mouri yo pa bay kè kase paske se prèske menm valè moun nan ki mouri ak grip chak ane. Men, viktim yo se konn toujou granmoun ki deja gen lòt pwoblèm sante. Laj mwayèn moun ki viktim H1N1 nan tout peyi a se 17 an.

Nan kòmansman mwa d out la yo rapòte gen tan gen 36 timoun ak 477 moun tout laj ki mouri nan tout peyi a akòz grip H1N1 an. Pi fò timoun ki mouri yo te gen pwoblèm nan sistèm sèvo yo oswa lòt pwoblèm sante anba anba.

Sant pou Kontwole Maladi (ann angle CDC) fè nou konnen lekòl yo, kote anpil timoun oswa jèn rasanble byen sere youn tou pre lòt pandan lajounen, e pafwa yo konn ap nouri jèm anndan kò yo, se kote sitou ki fasil pou ede grip gaye.

Pou kanpay y ap mennen nan tout peyi a, Fon pou Timoun yo ofri ekip anplwaye li genyen ki travay nan domèn sante yo pou y al ede bay vaksen.

Men sa Brikmann di ankò: "Men sa nou konnen, nou gen moun ki travay nan domèn sante nan 135 lekòl ak konkou pwogram nou ki rele *HealthConnect* nan lekòl nou an. Nou pral fè tout posib nou tou nan lekòl ki pa nan pwogram *HealthConnect* la."

Fon pou Timoun yo pase tèt li kondisyon pou li asire gen vaksen kont grip disponib pou tout timoun paske:


- Grip (sa yo rele [flou] ann angle a) aji sou timoun pi souvan pase sou tout lòt moun tout laj.
- Timoun pi fasil pou ka yo vin konplike (enfeksyon nan zòrèy, enfeksyon sinis, nemoni) pase tout lòt moun tout laj. Yo pi fasil oblije al kay doktè. Yo plis bezwen sèvi ak antibiyotik. Epi yo oblije entène lopital pi fasil.
- Sant Pou Kontwole Maladi (CDC) rekòmande nan gid 2008 li a pou tout timoun 6 mwa jis 18 an pran vaksen kont grip. Yo dwe bay chak timoun 2 dòz vaksen H1N1 an.

Enfòmasyon ak dènye nouèl ann angle, panyòl ak kreyòl disponib 8è di maten jis 8è di swa 7 jou pa semèn; rele 877-352-3581. Ou kapab rele liy telefòn espesyal Fon pou Timoun yo nan 211.

Sit wèb ak enfòmasyon sou entènèt:

<http://www.dadehealth.org/swineflu.asp>  
(Depatman Sante Miyamided Konnti)

<http://www.cdc.gov/h1n1flu/>  
(Sant pou Kontwole Maladi - CDC)




Telephone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon:  
[www.thechildrenstrust.org](http://www.thechildrenstrust.org)

# Danje kache ki nan pisin, nan espa ak nan basen dlo cho.

Susan Uhlhorn, Ph.D. ak Judy Schaechter, M.D. Desen an se koutwazi ajans gouvènman ki rele "Consumer Product Safety Commission" pou pwoteksyon konsomatè.

Lè yon moun rete nan sid Florid, ou wè dlo toupatou. Lè yon paran montre timoun naje, sa kab fè paran yo konprann timoun yo pa an danje lè yo nan pisin oubyen lè yo nan jakouzi.

Gen kèk danje ki pa menm pase nan lide anpil moun, tankou lè kote ki rale dlo soti nan basen sa yo trape timoun nan anba dlo a. Sa kab rive lè cheve timoun nan antre nan tiyo ki rale dlo sot nan pisin nan oswa nan jakouzi a epi tèt timoun nan tou ret anba dlo. Oubyen lè ponp ki rale dlo soti nan pisin nan kenbe pye timoun nan oubyen bra li kote timoun nan pa kab monte sot anba dlo a. Ponp lan fò ase pou li kenbe yon granmoun anba dlo a, men majorite aksidan kon sa se timoun ki viktim yo. Sa pa gen twò lontan, nan zòn Kibiskèn "Key Biscayne", yo te oblije kouri al sove yon timoun paske bra li te kole nan yon twou ki pa t kouvri nan pisin nan yo konndo.



Kongrè a okouran gran danje sa a, se sa k fè ane pase li vote yon lwa ki rele "Virginia Graeme Baker Pool and Spa Safety Act". Lwa sa egzije pou yo mete yon kouvèti espesyal sou tout bouch tiyo ki rale dlo sot nan pisin oubyen nan jakouzi pou okenn moun pa al kole nan bouch twou sa yo lè ponp ap rale dlo sot nan basen sa yo. Lwa sa a se pou pisin leta yo sèlman yo fè li men mèt kay ki gen pisin lakay yo dwe enstale kouvèti sa yo tou nan pisin pa yo.

Komisyon pou pwoteje kliyan an ki pote non angle "The Consumer Product Safety Commission" rekòmande pou moun pran prekosyon



Drain Cover

sa yo lè y al benyen nan jakouzi nan espa oubyen nan pisin ki fè anpil toubyon yo:

- Toujou sèvi ak yon kouvèti ki klele lè pa gen moun k ap benyen nan jakouzi a epi pa kite timoun antre nan jakouzi a si pa gen granmoun k ap siveye timoun nan tout tan.
- Asire nou espa a oubyen jakouzi a gen doub kouvèti pou tiyo ki rale dlo sot nan basen an dapre regleman pou pwoteksyon moun.

Fè yon pwofesyonèl tcheke espa a regilyèman pou asire li an bon eta epi l ap mache byen san li pa lakòz okenn danje epi kouvèti twou kote dlo a pase yo pa kase epi yo nan plas yo. Tcheke nan ki eta kouvèti yo ye tanzantan pandan ane a.

- Make kote switch pou etenn ponp pisin nan oubyen pou jakouzi a klè pou sizoka ta gen yon ijans pou yo kab etenn li fasil.
- Kenbe tanperati nan dlo nan jakouzi a a 104 degre farenayt oswa pi ba pase sa.
- Fè lide enstale sistèm yo rele ann angle "Safety Vacuum Release System" nan pou dezaktive ponp lan. Se yon sistèm ki kab detekte lè yon bagay kole nan ponp lan epi li etenn ponp lan pou dlo sispann pase nan tiyo yo. Lè kon sa, sa ap anpeche ponp lan trape moun.

Al sou sit wèb biwo "Consumer Product Safety Administration" an ki bay enfòmasyon sou fason pou pwoteje moun lè yo nan pisin pou w kab jwenn plis ransèyman: [www.poolsafety.gov](http://www.poolsafety.gov).



**Voye:** foto, lekasyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap patèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lekè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sitiyasyon fanmi. Lekasyon yo, kèk espè lokal ap repomn yo, konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

**Voye let bay:**  
The Early Childhood Initiative Foundation 3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129  
Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye Journal sa a:  
**The Early Childhood Initiative Foundation** (646-7229) Ak **United Way Center for Excellence in Early Education** (305-631-7600) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade, Koalisyon an sipèviz pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskòle ak pwogram ki bay sipèvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami-Dade County (305-646-7220) and The Children's Trust (305-571-5700).

**Edite ti Journal sa a se:**  
Ana de Aguiar Echevarria (305-646-7230)



NON-PROFIT  
ORG.  
U.S. POSTAGE  
PAID  
MIAMI, FL  
PERMIT #5665

3250 SW Third Ave.  
Miami, FL 33129  
Bay yo plis konsèyans  
Remmen yo plis